

DEKLARASYON AKÒ

APLIKASYON ASISTANS MEDIKAL POU REFIJYE

Antanke yon kliyan ki elijib pou Pwogram Relokalizasyon Refijye (Refugee Resettlement Program) nan Arizona, y ap ba w dokiman sa a nan lang ou prefere a. Si w ta prefere yo entèprete dokiman sa a pou ou nan lang ou chwazi a, y ap ba ou entèpretasyon an sou demann.

Tout refijye ak lòt benefisyè ki elijib ki rive nan Arizona gen dwa pou aplike pou Asistans Medikal pou Refijye (Refugee Medical Assistance, RMA). RMA se yon pwogram avantaj sante maksimòm douz mwa pou refijye ak lòt benefisyè ki kalifye yo refize Arizona Medicaid (yon pwogram asirans sante), yo rele tou Sistèm pou Kenbe Pri Swen Sante nan Arizona (Arizona Health Care Cost Containment System, AHCCCS), lè yo rive epi ki tonbe anba 200% nan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level) la, oswa ke kouvèti asirans Arizona Medicaid yo te kanpe akòz revni travay ki pi wo pase limit kalifikasyon revni Arizona Medicaid la. RMA peye pou depans medikal ki apwouve yo pou yon maksimòm douz mwa apre moun nan rive Ozetazini oswa resevwa estati kalifye Biwo Relokalizasyon Refijye yo (Office of Refugee Resettlement), ki se dat ou resevwa yon estati imigrasyon ki fè ou kalifye pou resevwa yon sèvis refij espesifik. Pandan RMA disponib sèlman pou yon maksimòm douz mwa youn apre lòt, kouvèti asirans lan sanble ak sa AHCCCS bay la. Pou plis enfòmasyon sou kouvèti asirans AHCCCS, tanpri vizite: <https://www.azahcccs.gov/>.

Ou ka enskri nan RMA atravè asistans nan: Yon Ajans Relokalizasyon Lokal (Local Resettlement Agency, LRA) ki patwone w, Private Sponsor Group w la atravè Welcome Corps, oswa nenpòt òganizasyon k ap ede w ak sèvis ki gen aksè ak Sistèm Baz Done Anliy Pwogram Relokalizasyon Refijye Arizona yo (Arizona Refugee Resettlement Programs Online Database System, ARRPODS). Nenpòt nan gwoup/òganizasyon sa yo kapab soumèt yon Aplikasyon Asistans Medikal Refijye sou non w si w vle. Anplis de sa, yon fwa yo sispann AHCCCS ou la, AHCCCS pral pataje enfòmasyon sou revokasyon sa a ak RRP, epi RRP ka otomatikman enskri w nan RMA nan moman revokasyon AHCCCS ou la. Lè w siyen aplikasyon sa a, ou rekonèt epi dakò pou w enskri nan RMA nan ka yo jije ou pa kalifye pou AHCCCS epi ou nan premye 12 mwa apre ou rive oswa resevwa estati kalifye.

Si yo ta apwouve w pou avantaj RMA, w ap resevwa yon kat RMA ki dekri kouvèti asirans ou an ki gen ladan dat kòmansman ak dat finisman avantaj yo. Ou gen dwa ak responsablite sa yo kòm yon aplikan RMA:

- Dwa pou detèmine kalifikasyon w nan 30 jou apati dat aplikasyon sa a siyen, oswa nan moman revokasyon AHCCCS akòz revni travay si AHCCCS te kominike enfòmasyon sa a bay RRP.
- Dwa pou resevwa sèvis ou kalifye pou yo a dapre règleman federal ak eta a epi dapre disponiblite sèvis yo ak limit fiskal yo.
- Responsablite pou rapòte totalman tout sitiyasyon ki afekte aplikasyon sa a epi pou rapòte bay manadjè dosye w la nan senk jou apre nenpòt chanjman nan sitiyasyon w ki pral afekte kalifikasyon w (pa egzanp, demenajman pèmanan deyò Arizona, chanjman revni, elatriye.).
- Responsablite pou travay ak tout efò ajans yo pou etabli kalifikasyon ou. Ou dakò ak yon ankèt konplè sou kalifikasyon w, ki gen ladan kesyon pou anplwayè, doktè, ak lòt biznis ak pwofesyon. Ou dakò tou pou yon revizyon dosye lòt ajans yo.

Kounye a w ap resevwa Sèvis Relokalizasyon Refijye nan: _____

APLIKASYON KI SOUMÈT

Mwen (*Temwen/Manadjè dosye*) _____, mwen te evalye ka a epi mwen konfime mwen te soumèt aplikasyon RMA apwopriye a nan ARRPODS sou non aplikan an (yo), si sa aplikab.

NONAPLI KAN RMA (YO)

DEKLARASYON AKÒ

APLIKASYON TÈS DEPISTAJ MEDIKAL POU REFIJYE

Antanke yon kliyan ki kalifye pou Pwogram Relokalizasyon Refijye (Refugee Resettlement Program) nan Arizona, y ap ba w dokiman sa a nan lang ou prefere a. Si w ta prefere yo entèprete dokiman sa a pou ou nan lang ou chwazi a, y ap ba ou entèpretasyon an sou demann.

Ou kalifye pou aplike pou Tès Depistaj Medikal Refijye (Refugee Medical Screening, MS). MS la rive nan premye 90 jou apre ou rive oswa resevwa estati kalifye epi li gen ladann yon egzamen fizik, istorik medikal, vaksinasyon, tès laboratwa jeneral, ak tès maladi enfektye. Li gen ladan tou yon radyografi nan pwatrin. MS sa konplètman gratis pou ou. Objektif egzamen sa a se pou swiv nenpòt kondisyon ki te idantifye nan egzamen medikal ou aletranje, si ou te resevwa egzamen sa a, epi pou idantifye nouvo pwoblèm sante ki ka yon defi pou yon reyentegrasyon reyisi. Se entwodiksyon w nan sistèm swen sante a, epi w ap resevwa referans yon doktè premye swen ak nenpòt espesyalis ou ta ka bezwen pou plis swen.

Yon Ajans Relokalizasyon Lokal (Local Resettlement Agency, LRA) ki patwone w, Private Sponsor Group w la atravè Welcome Corps, oswa nenpòt òganizasyon k ap enskri w nan ARRPODS yo, kapab soumèt yon aplikasyon MS nan non w si w vle. Pwogram Relokalizasyon Refijye (RRP) Arizona yo detèmine kalifikasyon pou MS la.

Pou ka fè referans bay founisè MS la, ou dwe otorize RRP pou kowòdone ak reprezantan w lan. Ou dwe otorize RRP tou pou voye enfòmasyon w bay founisè MS la. Anba a, ou ka endike si ou otorize oswa ou pa otorize aktivite sa a.

Tanpri tcheke anba a:

Mwen ta renmen resevwa yon Tès Depistaj Medikal. Mwen deklive Tès Depistaj Medikal.

Mwen _____, chwazi opsyon sa a ki pral pèmèt ou pa pèmèt RRP kontakte ajans mwen ap resevwa sèvis reyentegrasyon an pou kowòdone sèvis yo.

Otorize Pa otorize

Mwen _____, chwazi opsyon sa a ki pral pèmèt ou pa pèmèt RRP voye kontak, enfòmasyon pèsònèl, dokiman kalifikasyon mwen, ak enfòmasyon kontak/pèsònèl/ dokiman kalifikasyon sou nenpòt depandan ki liste nan seksyon aplikasyon ki anba a, bay founisè MS Konte mwen an, atravè AARRPODS, pou asiste finisman MS mwen an. Mwen gen dwa pou m refize RRP fè kalite transfè done pèsònèl mwen sa yo sou non mwen, epi referans pou tès depistaj yo ka fèt atravè lòt pwosesis fizik.

Otorize Pa otorize

Mwen _____, chwazi opsyon sa a ki pral pèmèt ou pa pèmèt RRP voye foto mwen ak nenpòt moun ki depandan ki liste nan seksyon aplikasyon ki anba a, bay founisè MS Konte mwen an, atravè AARRPODS, pou asiste finisman MS mwen an. Foto yo dwe itilize sèlman pou ede founisè MS la idantifye kliyan.

Otorize Pa otorize

DEKLARASYON AKÒ

APLIKASYON KI SOUMÈT

Mwen (*Temwen/Manadjè dosye*) _____, mwen te evalye ka a epi mwen konfime mwen te soumèt aplikasyon MS apwopriye a nan ARRPODS sou non aplikan an (yo).

NON APLIKAN (YO) POU TÈS DEPISTAJ MEDIKAL

NON APLIKAN (YO) POU TÈS DEPISTAJ MEDIKAL

SIYATI/SÈTIFIKASYON

Mwen sètifye mwen se yon refijye oswa yon lòt benefisyè kalifye ki rekonèt Ozetazini dapre Ak Refijye 1980 an (Refugee Act of 1980), ki mande sèvis nan men RRP epi enfòmasyon ki bay sou fòm sa kòrèk dapre sa mwen konnen.

Siyati Aplikan an: _____ Dat: _____

Gadyen/Reprezantan Otorize: _____ Dat: _____

Relasyon ak Kliyan Minè a: _____

Siyati entèprèt: _____ Dat: _____
(*Si yo te refize entèpretasyon an, tanpri mete "N/A" anwo a*)

Yo te refize Entèprèt la (*Kliyan ki pou siyen isit la*): _____ Dat: _____

DEKLARASYON AKÒ

SÈVIS JESYON DOSYE AK TRAVAY NAN PWOGRAM RELOKALIZASYON REFIJYE

Kòm yon pati nan pwosesis livrezon sèvis ou a, Pwogram Relokalizasyon Refijye Arizona (RRP) oswa nenpòt founisè sèvis RRP ou resevwa sèvis yo ka fè referans bay lòt founisè sèvis RRP a finanse. RRP oswa founisè kontra li yo pral fè referans sa yo atravè Sistèm Baz Done Anliy Pwogram Relokalizasyon Refijye Arizona a (Arizona Refugee Resettlement Program Online Data System, ARRPODS). Enfòmasyon yo pataje yo gen ladann kontak, enfòmasyon pèsònèl, dokiman kalifikasyon ak yon foto kliyan. Ou gen dwa pou ou refize transfè done pèsònèl ou yo RRP oswa founisè sèvis li yo te fè sou non w, epi enskripsyon an ka fèt atravè lòt pwosesis fizik.

Mwen _____, chwazi opsyon sa a ki pral pèmèt ou pa pèmèt RRP, oswa nenpòt founisè kontra RRP mwen resevwa sèvis yo, voye kontak mwen, enfòmasyon pèsònèl, elijibilite dokiman, ak kontak/pèsònèl/elijibilite enfòmasyon sou dokiman nenpòt depandan ki nan lis pi ba a atravè ARRPODS, pou fasilite enskripsyon mwen nan jesyon dosye RRP ak/oswa sèvis travay lè mwen mande sèvis yon lòt kontraktè RRP bay.

Otorize Pa otorize

Mwen _____, chwazi opsyon sa a ki pral pèmèt ou pa pèmèt RRP voye foto mwen ak nenpòt moun ki depandan ki liste nan seksyon aplikasyon ki anba a, bay sèvis jesyon dosye ak travay ke RRP finanse, atravè ARRPODS. Foto yo dwe itilize sèlman pou ede founisè RRP yo idantifye kliyan yo.

Otorize Pa otorize

NON DEPANDAN (YO)

PATAJ DONE AK SÈVIS KI PA NAN KONTRA FOUNISÈ YO OSWA PWOGRAM AVANTAJ

Pandan peryòd sèvis ou a, ou ka bay RRP oswa yon founisè sèvis ki gen kontra/ki pa gen kontra RRP otorizasyon pou pataje enfòmasyon pèsònèl ou, ak nenpòt moun ki depandan w ki nan lis pi wo a, ak yon founisè sèvis ki pa gen kontra RRP oswa pwogram avantaj yon fason pou RRP ka ede ou enskri nan sèvis oswa avantaj. Pou pataje enfòmasyon sa yo, RRP oswa founisè sèvis ki gen kontra/ki pa gen kontra RRP yo mande konsantman w alekri. Anba a ou ka ekri ki founisè sèvis oswa pwogram avantaj w ap pèmèt RRP oswa founisè sèvis ki gen kontra/ki pa gen kontra RRP yo pataje enfòmasyon ou yo.

FOUNISÈ SÈVIS OSWA NON PWOGRAM AVANTAJ	KALITE SÈVIS OSWA AVANTAJ

DEKLARASYON AKÒ

SIYATI/SÈTIFIKASYON

Mwen sètifye mwen se yon refijye oswa yon lòt benefisyè kalifye ki rekonèt Ozetazini dapre Ak Refijye 1980 an (Refugee Act of 1980), ki mande sèvis nan men RRP epi enfòmasyon ki bay sou fòm sa kòrèk dapre sa mwen konnen.

Siyati Aplikan an: _____ Dat: _____

Gadyen/Reprezantan Otorize: _____ Dat: _____

Relasyon ak Kliyan Minè a: _____

Siyati entèprèt: _____ Dat: _____

(Si yo te refize entèpretasyon an, tanpri mete "N/A" anwo a)

Yo te refize Entèprèt la (*Kliyan ki pou siyen isit la*): _____ Dat: _____